Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 8.5 MILYON DOLA DISPONIB POU ENDISTRI AGRIKÒL NOUYÒK LA POU SIPÒTE TRANSFÒMASYON MANJE AK FIB

Li lanse kòm yon pati nan inisyativ Gouvènè Hochul sou Eta Leta a pou 2025 la

Li fèt pou sipòte inisyativ apwovizyònman lokal Nouyòk yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse disponiblite 8.5 milyon dola atravè nouvo pwogram Sibvansyon pou Transfòmasyon Manje ak Fib (Food and Fiber Processing) la — premye pwogram ki konsa nan eta a. Pwogram nan bay finansman a eksplwatasyn agrikòl Nouyòk pou elaji kapasite transfòmasyon manje ak fib, pote plis pwodui lokal sou mache a, epi ede Eta a reponn a egzijans inisyativ apwovizyònman lokal yo, tankou Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki se yon inisyativ pyonye, pwogram Farm-to-School (Soti nan Fèm pou rive Lekòl) Eta a, ak Nourish NY. Pwogram nan, ki te anonse pou premye fwa nan Diskou Gouvènè a sou Eta Leta a an 2025 lan, pral pozisyone Nouyòk kòm yon lidè rejyonal nan endistri alimantè ak fib.

"Endistri agrikòl nou an nan kè ekonomi Nouyòk la, epi envesti nan transfòmasyon manje ak fib esansyèl pou asire lavni agrikòl Nouyòk la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo opòtinite finansman sa a pral pèmèt kiltivatè ak transfòmatè nou yo inove, devlope, epi bati kominote ki rezistan ak dirab atravè tout eta a. Ansanm, n ap kiltive opòtinite, epi n ap asire Nouyòk rete yon lidè nan domèn agrikilti pou plizyè jenerasyon k ap vini."

Pwogram Sibvansyon pou Transfòmasyon Manje ak Fib la ke Fon Kwasans Agrikòl ak Alimantè (Farm and Food Growth Fund, FFGF) a te administre nan non Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture and Markets) la, sipòte devlopman ak elajisman pwodiksyon pwodui ki deja egziste ak nouvo pwodui yo fabrike epi yo rekòlte nan Eta Nouyòk. Finansman disponib pou konstriksyon ak renovasyon enstalasyon yo, ansanm ak acha ak enstalasyon ekipman. Yo pral bay priyorite a pwojè ki elaji transfòmasyon pou fwi, legim, sereyal ak pwa pou moun konsome; ansanm ak fib ki soti nan plant ak bèt.

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Pwogram Sibvansyon pou Transfòmasyon Manje ak Fib la reprezante yon gwo pa an avan pou ranfòse endistri agrikòl Nouyòk la. Envestisman sa a sipòte kwasans fèm ak pwodiktè lokal yo, favorize inovasyon, epi kontribye nan kreye djòb, pandan n ap ranfòse chèn apwovizyònman lokal nou an, isit la menm, lakay nou. Nou

vle asire nou gen kapasite ki nesesè pou reponn ak kwasans pwogram apwovizyònman lokal nou yo, epi pou nou kontinye kenbe kiltivatè ak pwodiktè nou yo konpetitif sou mache a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Fon Kwasans Agrikòl ak Alimantè, Todd Erling, te deklare, "Anplè ak dimansyon envestisman sa a pral transfòme sistèm alimantè nou an. Non sèlman li pral bay nouvo kapasite transfòmasyon pou reponn ak opòtinite mache a atravè tout eta a, sitou pou mache enstitisyonèl ki enpòtan yo, men tou li pral pèmèt Nouyòk gen enfrastrikti ak kapasite transfòmasyon ki nesesè pou okipe yon wòl lidè nan rejyon an."

Kandida ki elijib yo ka aplike pou sibvansyon ki varye ant 250,000 rive 2.5 milyon dola. Sou yon total 8.5 milyon dola ki disponib, 1 milyon dola rezève pou pwojè ki itilize fib ki soti nan plant ak bèt. Pwodui transfòme yo devlope grasa sibvansyon an dwe gen omwen 51% engredyan agrikòl brit yo kiltive oswa leve nan Eta Nouyòk.

Priyorite konsènan finansman yo enkli:

- Transfòmasyon preliminè/inisyal fib ki soti nan plant ak bèt yo, ki gen ladan wisaj, degomaj, dekòtikaj, lavaj, kadaj, ak peyaj
- Fwi, legim, sereyal ak pwa yo ka manje, pou moun konsome
- Pwojè ki mete aksan sou pwodui ki sipòte Inisyativ Nourish NY, Farm-to-School, ak NYS 30%, oubyen Dekrè Egzekitif nimewo 32 a
- Pwodui transfòme ki gen yon gwo majorite engredyan yo kiltive oswa ki rekòlte nan Eta Nouyòk
- Plis divèsite jeyografik nan kapasite transfòmasyon alimantè nan Eta Nouyòk

Pwojè ki elijib yo ka gen ladan yo, men yo pa limite sèlman a:

- Ekspansyon transfòmasyon manje ak fib, ansanm ak kreyasyon pwodui transfòme
- Agregasyon ak estokaj, kòm yon pati nan yon pi gwo pwojè ekspansyon transfòmasyon
- Amelyorasyon efikasite eksplwatasyon
- Amelyore nòm sekirite alimantè yo pou enstalasyon transfòmasyon yo

Dat limit pou aplike pou demann finansman an se 28 avril 2026, a 5 p.m. Tout aplikasyon yo dwe soumèt atravè sistèm SMA a. Plis detay sou pwogram nan ansanm ak fòmilè aplikasyon an disponib sou sitwèb Fon Kwasans Agrikòl ak Alimantè a.

Pwogram Sibvansyon pou Transfòmasyon Manje ak Fib la fè pati angajman Gouvènè Hochul pou ranfòse chèn apwovizyònman alimantè Nouyòk la, devlope yon apwovizyònman alimantè lokal ki pi rezistan, epi estimile demann pou pwodui agrikòl lokal yo. Sa enkli Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki mande ajans Eta yo pou ogmante pousantaj manje ki soti kay kiltivatè ak pwodiktè Nouyòk yo a 30 pousan nan acha total yo sou senk ane.

Li se youn nan plizyè pwogram resan ki vize ogmante kapasite transfòmasyon pou kontinye estimile apwovizyònman pwodui divèsifye pou anpil pwogram acha lokal

Nouyòk yo, tankou pwogram sibvansyon Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlòpman Kiltive ak Sètifye Eta Nouyòk (New York State Grown & Certified Infrastructure, Technology, Research, and Development, NYS G&C ITRD), Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Akakòl Long Island (Long Island Aquaculture Infrastructure), ak Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Sistèm Alimantè Rezistan (Resilient Food Systems Infrastructure, RFSI).

Anplis de sa, sibvansyon ki soti nan Sant Inovasyon Mòd (Fashion Innovation Center) la, ki te kreye ak finanse atravè Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon Empire State Development (Division of Science, Technology and Innovation, NYSTAR), ap chèche elaji itilizasyon fib animal, plant ak fib byo-fabrike renouvlab nan endistri mòd la, epi ranfòse yon ekosistèm ki rezistan soti nan fèm rive nan mòd nan tout Eta Nouyòk, ankouraje inovasyon ak dirabilite nan sektè a.

Misyon Fon Kwasans Agrikòl ak Alimantè (FFGF) a se pou kreye travay ak lojman ki an sekirite epi abòdab, epi opòtinite aksè a kapital pou moun, fanmi, ak kominote ki gen revni fèb ak revni mwayen, ki mete aksan sou endistri ki gen rapò ak agrikilti ak manje ki sitiye nan rejyon Nòdès la (Northeast Foodshed), ki angloba kèk pati nan gran Hudson Valley, lwès Connecticut, lwès Massachusetts, sid Vermont, ak lès Pennsilvani, lè l estimile vitalite ekonomik atravè sèvis asistans teknik, devlopman kominotè, epi lè li ogmante sikilasyon kapital la.

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Lè nou pran manje nan men kiltivatè Nouyòk pou nouri kominote atravè tout eta a, sa ranfòse ekonomi nou, sipòte sante piblik, epi bati yon sistèm alimantè ki pi solid, men kapasite transfòmasyon ki limite souvan anpeche nou reyalize tout potansyèl sa a. Nou kontan anpil anonse ke premye faz sibvansyon Transfòmasyon Manje ak Fib yo disponib kounye a pou ede kiltivatè ak pwodiktè yo elaji enfrastrikti yo, devlope eksplwatasyon yo, epi inove. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li ki pèmèt ofri plis pwodui yo kiltive ak fabrike lokalman a Nouyòkè yo."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen kontan wè Pwogram Sibvansyon Manje ak Fib la ap dekole. Fon sa yo pral ede ouvri plis opòtinite pou kiltivatè ak transfòmatè Nouyòk yo, espesyalman nan endistri fib la. Kalite envestisman sa yo nesesè pou nou kapab devlope avèk siksè chèn apwovizyònman soti nan fèm rive sou tab. ak soti nan fèm rive nan fib nou yo. Nou konnen gen yon gwo demann bò kote kliyan yo pou kalite pwodui bon kalite ki fè repitasyon Nouyòk."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU